

K

1

2

# Gwo espwa

Patnarya pou  
lavni pitit ou

3



4

5

6

7

8



**Department of  
Education**

*Joel I. Klein, Chancellor*

# Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo bezwen devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon destinasyon. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

**Men kèk egzanp w ap jwenn sou sa elèv klas 3yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.**

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 3yèm ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 3yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 4yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou devlope bòn abitud etid.

- Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li.
- Ede pitit ou òganize l.
- Fikse yon lè regilye pou devwadmezon.
- Asire ke pitit ou konnen règleman pwofesè a pou devwadmezon yo.

Pou jwenn lòt lide, ale nan sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).



## Elèv ki gen andikap :

*Sofsi genyen lòt endikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.*

# Mande pwofesè pitit ou



Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.

## Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzamp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

## Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

## Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòm sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

# Lang e literati angle (ELA)

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Ekri yon rapò ki klè ak byen òganize avèk omwen de sous enfòmasyon.
- Idantifye lide prensipal ak detay sipò nan tèks enfòmasyon imajinè ak reyèl.
- Konpare ak diferansye enfòmasyon sou yon sijè apati de sous diferan.
- Pran nòt pou antre done, enfòmasyon ak lide.
- Devlope istwa orijinal ki genyen pèsonaj, entrig, anviwònman ak dialòg.
- Itilize nòt li pran ak òganizatè grafik pou antre ak òganize enfòmasyon ak lide li sonje nan liv li te li awotvwa yo.
- Dekode mo ki nan nivo klas la avèk son ak estrikti mo (tankou rasin mo, tèminezon vèb, pliryèl ak kontraksyon).
- Aprann nouvo mo vokabilè ak konsèp lè li li liv ak itilize yon diksyonè ak yon glosè.
- Edite travay ki fèt alekri poukont li pou tyeke òtograf ak itilizasyon majiskil ak siy ponktiasyon konvansyonèl.
- Li ak konprann kòmand yo bay alekri.



## Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

**Envite pitit ou pou li ekri yon evalyasyon** liv, yon film, yon moso mizik oswa sit wèb nan New York Public Library's "On-Lion" pou Timoun!, [kids.nypl.org/reviews/](https://kids.nypl.org/reviews/).

**Kòmanse yon bibliyotèk pou referans fanmi** an avèk yon diksyonè ak lòt liv ki gen rapò ak bagay pitit ou ap etidye. Ankouraje pitit ou pou li vin pran abitud itilize dokiman referans pou jwenn òtograf ak definisyon ki kòrèk yo. Ajoute referans Entènèt tankou sit wèb yon diksyonè, tankou [www.m-w.com](http://www.m-w.com).

**Mande pitit ou pou li ekri yon istwa orijinal oswa yon powèm** pou li pou ti frè oswa ti sè li yo oswa pou vwazen yo oswa kite pi gran pitit ou ekri ak dirije yon pyès teyat ki prezante timoun piti yo.

**Rezève tan pou lekti pèsonèl chak jou.** Fèmen televizyon, òdinatè, jwèt, telefòn, ak lòt distraksyon epi kite tout moun li an silans—poukont yo oswa youn pou lòt.

# Matematik



## Aprantisaj lakay

Mande pitit ou pou li konte biyè dola ak pyès monnen pou atik ou peye avèk lajan kach, tankou magazin ou achte nan kyòsk journal oswa tikè sinema.

Ankouraje pitit ou pou li jwenn tout aparèy ki bay lè lakay ou. Chèche lòlaj ki nan fou oswa mikwo-onn *microwaves*, bwat kab yo, aparèy DVD, òdinatè, iPod, telefòn selilè ak mont. Ansanm avèk pitit ou, regle yo pou yo kapab genyen menm lè a.

Ale nan ekspozisyon entè-aktif, **Mathematica : Yon Monn Nonb**, avèk pitit ou nan New York Hall of Science ki nan Queens [www.nyscience.org](http://www.nyscience.org).

Pran pwa ak wotè pitit ou pou note devlopman li apre yon sèten tan.

Bay opòtinite pou li reflechi.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konte pa 25 (25, 50, 75 . . .) jiska 1.000; pa 50 (50, 100, 150 . . .); epi pa 100 (100, 200, 300 . . .).
- Miltipliye chif inite yo san pwoblèm. Pa egzanp, rezoud pwoblèm tankou  $3 \times 4 = 12$  ak  $6 \times 9 = 54$  san li pa oblije konte oswa ajoute gwoup nonb yo.
- Divize chif inite yo san pwoblèm. Pa egzanp, rezoud pwoblèm tankou  $45 \div 5 = 9$ , san li pa oblije konte oswa soustrè.
- Idantifye nonb pè ak nonb enpè. Konnen sa ki pase lè yo ajoute ak soustrè nonb pè ak nonb enpè. Pa egzanp, adisyon de nonb enpè ap bay yon nonb pè kòm rezilta epi soustraksyon yon nonb enpè nan yon nonb pè ak bay yon nonb enpè kòm rezilta.
- Rekonèt fraksyon yo se pati egal yon inite antye oswa yon gwoup; pa egzanp,  $\frac{1}{4}$  se youn nan kat pati egal.
- Konpare fraksyon tankou  $\frac{1}{2}$ ,  $\frac{1}{3}$ , ak  $\frac{1}{4}$ , epi jwenn pozisyon apwoksimatif yo sou yon dwat gradye.
- Itilize mo kòrèk, tankou sèk, triyang, kare, esfè, kib oswa trapèz lè l ap pale osijè fòm jewometrik.
- Itilize yon règ oswa yon repè pou mezire nan mwatye pous, pous, pye, yad oswa lòt inite estanda ki pi rapwoche a.
- Itilize lòlaj dijital ak lòlaj tradisyonèl pou endike lè nan minit ki pi rapwoche a.
- Konte pyès monnen ak biyè dola. Itilize senbòl lajan kòrèk pou reprezante kantite lajan, tankou 2,36\$.

# Syans

Syans nan klas twazyèm ane ap eksplòre matyè, enèji, machin senp, epi adaptasyon plant ak bèt.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Dekri ak konpare pwopriyete fizik diferan kalite matyè. Pa egzanp, konsidere dimansyon, fòm, mas oswa pwa, volim, fleksibilite, koulè, teksti, solidite, ak odè.
- Obsève, idantifye ak dekri diferan fòm enèji, tankou enèji sonik, tèmik, ak chimik.
- Dekri fason imen yo transfòme enèji de yon fòm a yon lòt fòm epitou fason yo itilize transfòmasyon sa yo. Pa egzanp, dekri fason moun transfòme enèji tèmik an limyè pou kay yo nan anpoul oswa fason yo transfòme enèji elektrik an son lè yo itilize radyo.
- Obsève ak dekri fason kondiksyon chalè fèt. Dekri fason chalè kapab transfere de yon kote a yon lòt kote. Pa egzanp, lè yo soufle lè cho, oswa mete yon objè cho toupre yon objè ki pi frèt.
- Obsève ak dekri fason pou aplike fòs, swa dirèkteman oswa atravè machin senp tankou levye oswa pouli, kapab lakòz chanjman nan mouvman.
- Obsève ak dekri kouman fwotman afekte mouvman yon objè; pa egzanp, fason adisyon fwotman lakòz yon objè deplase pi dousman oswa fason li chanje direksyon.
- Obsève ak dekri fason pouse oswa rale kapab chanje pozisyon yon objè oswa direksyon kote l ap deplase a.
- Dekri fason tout kreyati vivan grandi, nourri tèt yo, respire, repwodui ak elimine dechè.
- Dekri fason plant ak bèt dwe adapte ak anviwònman yo pou yo kapab siviv. Pa egzanp, fouri kèk bèt vin pi lou kote sezon ivè pi frèt.
- Kolekte, òganize ak entèprete enfòmasyon ak done sou objè ak evènman yo.

## Aprantisaj lakay

**Ansanm avèk pitit ou, vizite pak ak lakou rekreyasyon ki toupre lakay ou.**

Egzamine diferan sifas epi diskite sou sifas ki genyen plis fwotman ak sa ki genyen mwens fwotman. Kouman fwotman afekte divès espò tankou *hockey* oswa *golf*?

**Ede pitit ou kreye yon kote trankil lakay ou pou lekti ak etid pèsònèl li.**

Itilize Entènèt pou eksplòre ki dokiman ak sifas ki konsève bagay yo pi trankil lè yo absòbe onn son.

**Ankouraje pitit ou yo pou yo jwenn tout fason chalè transfere** de yon objè oswa yon kote a yon lòt lakay ou. Sijasyon: Fè yo kenbe yon ti moso glas nan men yo.

**Ansanm avèk pitit ou, vizite *Everett Children's Adventure Garden*** ki nan *New York Botanical Garden* nan *Bronx* [www.nybg.org](http://www.nybg.org) oswa obsève plant ki nan yon pak vil Nouyòk oswa yon sou lakou rekreyasyon. Fè rechèch sou kalite plant ki siviv pi byen nan vil Nouyòk.



## Aprantisaj lakay

Ansanm ak pitit ou, gade konbyen peyi ak kilti ou kapab jwenn ki reprezante nan ri kote w rete a. Pa egzanp, chèche restoran grèk, jounal nan lang kreyòl, panyòl oswa ris, yon doktè oswa yon avoka peyi Lèzend. Pale sou fason fanmi sa yo kapab te vini nan Nouyòk.

**Vizite Katye jeneral Nasyonzini (UN) nan mitan vil la avèk pitit ou,** CyberSchoolBus, sit wèb Nasyonzini pou timoun, [www.un.org/Pubs/CyberSchoolBus](http://www.un.org/Pubs/CyberSchoolBus), ofri enfòmasyon entè-aktif sou òganizasyon, plis jwèt ak lòt fason pou jenn yo patisipe nan kominote Nasyonzini (UN).

**Envite pitit ou pou li bay èd nan preparasyon pou yon fèt.** Pa egzanp, mete dekorasyon oswa resèt tradisyonèl kuizin fanmi ou.

**Diskite sou fason yon pwomès oswa yon deklarasyon sou sèman ap ede manm yo aksepte valè komen yo nan diferan kalite gwoup,** tankou peyi; *club*, tankou Eskout gason *Boy Scouts* ak Eskout fi *Girl Scouts*; ak kominote relijye yo. Ankouraje pitit ou pou li ekri yon pwomès pou fanmi ou epitou pou nou pale osijè pwomès la ansanm.



# Syans sosyal

Nan syans sosyal klas twazyèm ane, elèv yo ap egzamine konsèp kominote ki toupatou nan monn lan.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Rekonèt ke kominote yo reflekte divèsite moun ak kilti mond lan.
- Chèche kontinan ak oseyan yo sou yon kat jewografi oswa sou yon glòb.
- Defini mo “kilti” ak fason kominote monn lan montre kilti yo.
- Konpare ak opoze kilti, gouvènman, istwa, ak jewografi kominote monn li etidye yo.
- Konprann fason moun ak evènman enpòtan yo chanje kominote yo toupatou nan monn lan.
- Bay ak eksplike opinyon sou evènman k ap pase kounye a.
- Dekri fason jewografi kapab afekte yon kominote monn lan. Paegzanp, dekri kouman viv nan yon kontinan ki lwen lòt kote yo afekte moun k ap viv nan Ostrali.
- Aprann fason moun devlope pwòp resous natirèl yo. Pa egzanp, eksplike fason yo itilize tè arab yo, forè yo ak rezèv dlo pou satisfè bezwen yo.
- Rekonèt moun ki nan kominote monn lan fòme gouvènman pou tabli règ ak lwa.
- Konnen ak rekonèt diferan kominote monn lan genyen pwòp dwa, responsablite ak règ yo.

# Plis konesans ak aptitud enpòtan

*Elèv klas twazyèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.*

- **Boza** : Elèv klas twazyèm ane yo ap patisipe nan boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap li nòt mizik epi y ap itilize enstriman enklina tankou flit-a-bèk oswa flit chanson; kreye travay atistik vizyèl avèk anpil materyèl an de ak twa dimansyon; konpoze dans avèk fòm debaz dans; envante ak jwe pyès teyat senp; epi travay poukont yo ak an ti gwoup. Pou plis detay, ale sou : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Egzèsis fizik ak sante** : Elèv yo ap angaje nan divès kalite opòtinite pou yo ka aktif sou plan fizik, aprann fason pou pran bon desizyon pou sante yo, devlope yon mòdvi an sante, epi fè divès kalite aktivite fizik ki tradisyonèl ak modèn. Pou plis detay, ale sou : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Nan fen ane a, elèv klas twazyèm ane yo ap konprann sistèm Dewey pou òganizasyon yon bibliyotèk epi y ap kapab jwenn liv pou fè rechèch ak pou enterè pèsonèl yo. Y ap kapab poze bon kesyon pou kòmanse yon pwòje rechèch; chèche katalòg sou Entènèt avèk asistans; jwenn enfòmasyon sou sit wèb yo chwazi; jwenn repons pou kesyon rechèch yo epi epi kreye yon pwodui rechèch ki genyen yon kòmansman, yon mitan ak yon fen. Pou plis detay, ale so : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Teknoloji** : Elèv yo ap aprann fason pou fè plan, òganize, devlope ak amonize yon prezantasyon ki divilge enfòmasyon ak lide ba kamarad klas yo. Elèv yo ap konnen fason pou yo itilize zouti komunikasyon sennesòf ak an sekirite pou li, voye oswa afiche mesaj elektwonik. Elèv yo ap konnen poukont yo fason pou yo itilize baz done komen yo (tankou katalòg bibliyotèk, ak diksyonè sou Entènèt, ak ansiklopedi yo) pou jwenn, klase ak itilize enfòmasyon sou pwòje yo bay fè. Pou plis detay, ale sou : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon rezime sou anpil nòm pitit ou ap aprann ane sa a. Ou kapab wè kopi gid sa yo epi transfere download kopi li nan òdinatè ou pou tout klas yo, klas matènèl rive klas 8yèm ane, ansanm ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas yo sou sit wèb nou an nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit

wèb Ansèyman ak Aprantisaj [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics) ak sit wèb OFEA [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea). Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan [ofea@schools.nyc.gov](mailto:ofea@schools.nyc.gov). Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.



Department of  
Education

Joel I. Klein, Chancellor



T&I-7924 3rd (Haitian Creole)